Гlоларел школал ва яргъид гlуцlаразул колледж Закир Мухlамадов **2**

Диссидент ва намусалъул асир (узник совести)

Мухlамад Идрисов **4-5**

Миллат "Миллаталда" кlальалеб буго кагьат

«ДИДА ДУР КУЛЬТУРА ЛЪАЛА, ДУДА ДИР ЛЪАЛИЩ?» **5**

Миллат

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХlДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. Хlамзатов

№13 (13) 2 сентябрь 2011 сон МАГlАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

«Миллат» газеталъул цlиял гlакълучагlи

Аваразул «Миллат» абураб цlияб газета гlуцlулаго, гlемераб жо хlисабалде босун букlана нижеца. Гьеб цо къоялъ, цо моцlалъ бижараб пикруги гуро, миллаталъе киналгlаги политикиял къуватазе хъулухъги гьабулареб, эркенаб, аваразул гlузраби загьир гьарулеб газетаги хlажат бугин абулелдаса анцlгониги сон батила.

Гьанжесеб Аваристаналъул ракьалда букlараб, некlсияб Сарир пачалихъалъул гlаламат.

! Кlудияв Гlумахан, имам Шамиль ва Гlабдурахlман Даниялов. Тlоцевесес анцlила микьабилеб гlасруялда гlуцlана гlорхъи бахун къватlиб асар бугеб аваразул пачалихъ. Кlиабилесул хвалчадул паркъи къватlир улкабазда ва дунялалда машгьурлъана анцlила ичlабилеб гlасруялда. Лъабабилес, гьадил бусен гlадал мискинал аваразул росабазе гlатlиракьалги, гlелму – лъайги, церетlейги щвезабуна къоабилеб гlасруялда.

Газета гlуцlиялъеги, гьезда рахъулел макъалаби лъикlлъиялъеги, жибго жинцаго хьихьулеблъун гьеб лъугьиналъеги аслияб хьулги, божилъиги букlана ва жакъа буго жибго авар миллаталда. Къватlибе араб анцlила кlиго номералъул ва цlалдолез гьеб къабул гьабураб къагlидаялъул хlисаб гьабурабго, божана гьединаб газета хlажат букlиналда. Байбихьул галаби тlамулаго, газеталъе макъалаби хъвалел журналистаздего гlадаб кlудияб кlвар кьун букlана редколлегияль газеталъул гlакълучагlилъун щал рачине бегьулеб абураб суалалде.

Гlемерал машгьурал ва гlакъилал гlададамал миллаталда гьоркьор ругониги, дица тlаса вищун вукlана лъабго чи: **Рамазан Гlабдулатlипов, Шамиль Гlалиев ва Сулайман Уладиев**. Аваразул лъабавго машгьурав чи, лъабавго гlелмабазул доктор, лъабавго диргун лъикlаб гьоркьольи бугел ва гlакъилал чагlи хlисабалда хъвана гьел редакциялъул гlакълучагlилъун. «**Миллаталъул**» тlоцересел номерал щварабго бокьичlо Рамазание республикаялъул тlалъиялъул гlунгутlаби рихьизарулеб газеталъул гlакълучилъун живго вихьизе.

Шамиль тlагlана ва тlоклав кодове щвечlо чанцlул кьураниги, Сулайман Уладиевасдагун нижеда гьокьобе кинаб щайтlан лъугьарабали лъаларо, гьевги вилана. Цо талихl ккана гьел цlалун батаниги, Лологьонилъа Хlаписатица кьуралдаса тlоклаб жо гьезухъа щвелин кколаро.

Щибаб къоялъ кьолеб жо гьеб гlакълуги батиларо. Киналъулго хlисаб гьабурабго «**Миллат**» абураб газеталъе гlакълучагlилъун рукlине кколел ратулин миллаталъ жидедаса мисал босизе мустахlикъал чагlийин абураб пикруялде вачlана дун. Тlадехун рехсарав лъабгояв мисалал кколарин абулеб магlна кколаро гьелъул. Гьел руго жидерго ишазде машгьуллъарал чагlи ва жакъасеб къоялъул политикал. **Мухlамадсаламил** нухмалъи пайдаяб букlиналда тlад ургъулев Рамазанилги, жиндир ишаздаса регlичlев Сулайманилги, берда рихьуларел моллекулабаз ва рагьулал гумуз машгьурав Шамилилги «**Миллат**» газеталъе гlакълу кьеян хlалхьи кин хвезабилеб? Гьебги хlисабалде босун хlукму ккана тlадехун рехсарал гlалимзабазул «**Миллат**» газеталъе гlакълу кьун исрап гьабулеб заман гьезие тlокl гьабизе.

Дагъистаналъеги Россиялъеги пайдаял ишазда тlад хlалтlизе квалквал гьабунгутlизе. Щалха телел нилъеца гlакълучагlилъун? Гьел битlахъе столалда нахъа нилъги чlезарун, малъарулел чагlи рукlунарелльиги хlисабалде босун, хlукму ккана, чан гlасру свераниги аваразе жидер гlакълуги, бахlарчилъиги, ишалги, цlарги мисаллъун бугел чагlи тезе.

Кlудияв Гlумахан, имам Шамиль ва Гlабдурахlман Даниялов. Тlоцевесес анцlила микьабилеб гlасруялда гlуцlана гlорхъи бахун къватlиб асар бугеб аваразул пачалихъ. Кlиабилесул хвалчадул паркъи къватlир улкабазда ва дунялалда машгьурлъана анцlила ичlабилеб гlасруялда. Лъабабилес, гьадил бусен гlадал мискинал аваразул росабазе гlатlиракьалги, гlелму – лъайги, церетlейги щвезабуна къоабилеб гlасруялда.

Гьебги хlисабалде босун, жакъаялдаса аваразул «**Миллат**» газеталъул гlакълучагlилъунги, мисаллъунги, жибго унеб нух лъалареб миллаталъе канлъи кьолел чирахъаллъунги рихьулел руго тарихалда лъалкl тарав, аваразул лъабго цевехъан.

Биччанте газета гьабулел нижерги, гьеб лъабго цlаралда цебе жавабчилъи цlикlкlине. Гlакъилал ва бахlарчиял умумузул цlаралъе мустахlикъал наслабилъун хутlизе тlолго аварал.

Васалам.

Гlедегlун кlетlана дир рекlел сагlат, пикрабазул каву рагьана кватlун...

Исана сентябралъул микьабилелда гьавуралдасаункъоялда микьго сон тlубала къоабилеб гlасруялъул бищунго машгьурал поэтаздаса цояв, дунялалъул адабияталъул тарихалда лъалкl тарав кlудияв Расул Хlамзатовас. Жинцаго шигlрабалъ абухъе, Расулие гlумру гьабизе щвана квешаб, къосараб дунял ва замана. «Гlакълу къварилъараб, гlантлъи боххараб, махсара ццидалаб мехалъул лъимер ...» - ин хъвана гьес заманалъул ва инсанасул рахъалъ кочlолъ. Кин бугониги гlасруялъул шагlирасда ва гlакъиласда кlвана гlумруялъул тlарада нахъа тараб нухлул хlисаб гьабизеги ракl унтун Аллагьасда цебе тавбу гьабизеги.

«Михlмараца кьураб босарабани, намус кьерилазул кьерхинароан,

Цо-цо гьардарасда гьикъарабани, кколеб хlакъалдаса чи хlинкъилаан…»

Гьеб темаялъул букlана шагlирасул хвалда цебесеб заманалъул поэзия. Гьесул гьавураб къоги хlисабалде босун, хвалда цересел соназда магlарулазда гlидалъул къо баркарал поэтасул рагlаби кьолел руго гьоркьехун. Гьал пикрабаз гlалам каказде ва кантlиялде бачlиналда хьулгун, Аллагьас нилъер гьарурал лъикlал ишал кирилъун хъван ратайги.

Хlурматгун редактор



Расул Хlамзатов:

Асаламу гlалайкум. Бищунго хирияб, бищунго кlвар бугеб бусурбабазул моцl ахиралде щвана. Киналго къоял, киналго моцlал рижана тlадегlанав Аллагьас гlибадаталъе, Аллагь кlодо гьавизе, дунял бижарав, гlумру кьурав, гlалам кьурав, зоб кьурав, ракь кьурав.

Амма гьаб моцlалъ нилъ рукlине кколаан нилъер хlисабазул гьасда, нилъер къасдазул тlохда, нилъер нахъа тарабги, цебе бугебги хlисабалде босун. Дун цlакъ пашманав вуго гlумруялда жанив гlемерал гьоркьор риччарал каказдасаги, кквечlого рорчlарал кlалаздасаги.

Гьаб квешаб замана буго, амма цохlо лъикlаб жо буго - Аллагьасе как базе щвейги Кагlбаялъул ганчlихъе раккизе кlвейги.

⇨2

ГIедегIун кIетIана дир рекIел сагIат, пикрабазул каву рагьана кватIун...

⇨1 Кремлиялъул гьундухъ, гьеб щайтIабазул кагIбаялда ана дир лъеберго сон. Дида кколаан доб тIадегIанаб борхалъи бугин ва добаса дунял бихьулин абун, амма бищун кIудияб борхалъи батана дунялги бихьулеб, гIаламги бихьулеб, намусгун яхIги цIунулеб нилъер бусурбабазул диналъул хIуби. Диналъ гьоркьор тани, нилъ руго намусалъ гьоркьор тарал ва чIаголъиялъ гьоркьор тарал чагIи. Дица киназдаго баркула кIалбиччан къо, кинабго лъикIабщинаб къабул гьабун батайги Аллагьас, дунялалъе гIаламалъе гурхIелги, рахIмуги, цIцIобги бикьулеб къоялъ ТIадегIанас гьоркьор таразулъ батугеги бакIаричIеб бусен гIадин жеги бугеб, гъасда хьаг гIадин гьалдолеб ва букIниде реххараб тIимугъ гIадин хутIараб нилъер тIалъи.

Аллагьасул кумекалдалъун нилъ битIараб нухде рачIине хьул буго, битIараб нухда ругел гьениса таругеги, гьетIараб нухда ругел битIаралде рачIайги, нилъеда Аллагь кIочараб ва Аллагьас нилъ реххун тараб къо бачIунгеги.

ГьабсагIат замана хIалуцараб буго, хIинкъараб буго, хIалихьатал чагIи гIемер руго, амма кидаго нилъгун вуго Аллагь, Аллагьасул Къуръан, нилъеда цадахъ буго нилъер тарих – лъабго имамасул, нус-нус наибазул, нилъер бахIарчилъиялъул, нилъер яхIалъул, нилъер каказул ва нилъер кучIдузул мисал. Яцал, вацал, нужода нахъойги баркула гIидалъул къо, нужор рарал какалги, ккурал кIалалги Аллагьас къабул гьарун ратайги.

Нахъойги гьарула тIаса лъугьаян тIадегIанав Аллагьасда.

ТIаса лъугьа, Аллагь, рачIел каказдасаги, ккечIел кIалаздасаги, дуца гьукъараб кванаялдасаги, какараб гьекъеялдасаги, рекъечIеб свердасаги, сурараб хьвадиялдасаги, мекъал ишаздасаги, нахъа гурони бачIинчIеб кантIиялдасаги, кватIун гурони щвечIеб бичIчIиялдасаги, бегьуларелъуб бегьараб квералдасаги, кколарелъуб балагьараб бералдасаги.

Дида тIаса лъугьа, тIерхьун унеб бакъ,
Къодалги сардилги сурмияб кьода,
Дида тIаса лъугьа, тIогьиллъараб гъветI,
ТIарамагъадисеб къасдалъул санда.

Дир саназул гьоко, ана гIодобе
Ахирисеб свери, гьебги биххараб.
Салам дуде накIкIил юргъаналда гъоркь,
РикIкIад гъапуллъараб, дир хьулалъул цIва.

Гьанже нечон вуго гIайиб чуризе,
ГIумру Аллагьасда жеги гьаризе,
Гьадинги гIундул щиб, бетIер къотIулел,
ЦIакъ къваригIел гьечIел ишал ккана дир.

Эмен рекIекълъарал, эбел къваридал,
Дир къоял рикIкIине чIумал кир ругел?
ЧIужу пашманлъарал, лъимал хIинкъарал,
ХIакъал диде ккарал кинан рорцинел?

Дун квералги рорхун, накабиги чIван,
ЧIола дуда цеве, бетIергьан Аллагь,
ЦIад балеб мехалда лага-черхалъе,
Чадир гIадин буго дуе балеб как.

Дида тIаса лъугьа, тIерхьун унеб бакъ,
Къодалги, сардилги, siratIалъул кьохъ.
Дида тIаса лъугьа, тIогьиллъараб гъветI,
ТIарамагъадисеб къасдалъул санда.

РахIму бугев, хIалимав,
ХIалкIвей бугев, кIудияв,
БетIергьан Аллагьасе
Абадияб нижер рецц!

Зобги ракьги гьабурав,
Сордоги къоги кьурав,
Къудратав Аллагьасе
Аза- азар нилъер рецц!

КинабгIаги бихьулев,
Байбихьи, ахир гьечIев,
КинабгIаги рагIулев,
ТIолго нигIматал кьурав.

Щивасул кини лъалев,
Киналго занахъ вугев,
ГIумруги, хвелги кьолев,
Халикъасе нилъер рецц!

Къиямасеб къо бачIун,
Къаникьа рахъулаго,
Ахирисеб судалде
СиратIалде щварабго,

Нилъей щвараб кириги,
Нилъер ккараб мунагьги,
Кинабго цIадирабаз
ЦIалев Аллагьасе рецц!

БетIерги чIван къулула
Къуват кье, Аллагь, дуца
Дур хIайранаб нухдаса,
ХIетI таричIого ине.

Дур малъи босаразул,
Напсалъ гьоркьор течIезул,
Пикрабалъги, рагIулъги,
МалгIун биччангутIизе.

Жив гурхIулев, рахIмуяв,
ХIалкIвей бугев, витIарав,
БетIергьан Аллагьасе,
Азарго рецц, патихIа!

Закир МУХIАМАДОВ

ГIоларел школал ва яргъид гIуцIаразул колледж

Исана Дагъистаналда школазде цIализе бачIана 39 азарго лъимер. ТIоцебесеб сентябралда республикаялда рагьана цIияб анлъго школа. Амма школал гIолел гьечIо киназего. Жидер харжал гьитIинал ругилан мугIалимзабазги буго ахIи-хIур бахъинабулеб.

ЦIияб Акнада росдал школа.
Гьалда релъарал руго Дагъистаналда гIемерисел школаби

Северияб Кавказалъул 150 школа жанир дарсал кьезе бегьулареллъун рихьизаруна Роспотребнадзоралъ. Гьезда гьоркьор гIемерисел школал Дагъистаналъулги руго.

Исана рагьараб анлъго школалда цIализе бегьула гIаммаб къагIидаялъ абуни 1520 чи.

Гьаб сон ахиралде щвелалде Дагъистаналъул хIукуматалда ракIалда буго жегиункъо цIияб школа рагьизеги. Гьелъие гIарац биччалеб буго республикаялъул бюджеталдаса.

Амма, Дагъистаналъул нухмалъулев МухIамадов МухIамадсаламил рагIабазда рекъон, республикаялда 850 школа хIалтIулеб буго кIиго-лъабго батIияб ригьалда лъималги цIализарун.

Республикаялда буго 1636 школа. Гьезда гьоркьосан 229 школалда буго цIа ккеялъул хIинкъи. 219 школалда квешаб хIал буго токалъул рахъалъ. 353 школалда гьечIо цIа свинабизе рихьизарурал алатал.

Школалде ине хIадурлъи гьабиялъул рахъалъ Россиялъул регионазда гьоркьоб Дагъистан 81 бакIалда буго. КIиго-лъабго батIияб ригьалда лъимал цIализариялъул рахъалъ гьеб буго 80-абилеб бакIалда.

ТIолгороссиялъул хIасилазда бащалъизе ккани, Дагъистаналда чIезабизе ккола 150 азарго цIалдохъанасе цIалул бакIал.

Исана Дагъистаналъул школазда гьаризе руго цо-цо цIилъаби. Мисалалъе, жиб-жиб школалда вукIине вуго цIалдохъанасул ихтиярал цIунулев. Гьединаб буюрухъ кьуна лъайкьеялъул министерлъиялъ. ЦIалдохъанасул ихтиярал цIунулесда тIад къан буго цIалдохъабазда гьезул ихтиярал малъи. Гьединго гьес цIалдохъаби цIунизе руго школалъул мугIалимзабазулгун гьесул дагIба-рагIи ккедалги.

Адвокат Къадиев Расулица рикIкIунеб буго омбудсменасул (ихтиярал цIунулесул) хIалтIи кинаб букIине кколебали бихьизабураб хасаб документ букIине кколин. ЦIалдохъанасул ихтиярал цIунулевлъун тIамизе вуго мугIалимзабазул цояв. Инсанасул ихтияралги, къанунги гьесда лъикI лъалин абулеб жоялда божизе захIмат бугилан хъвалеб буго Кадиев Расулица жиндирго блогалда. Жибго Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерлъиялда гьечIила юристал, кисайин гьел ралагьилел киналго школазе, тIадежоялъе лъикIал юристал чIорого хIалтIизе ратиларин тIадеги жубалеб буго гьес.

Араб анкьалда Дагъистаналде щвана Россиялъул лъайкьеялъул министерлъиялъул нухмалъулев Фурсенко Андрей. Гьес абуна гIагараб заманалда Дагъистаналда лъай кьей цебетIезабизе 4 млрд гъурущ биччазе бугин. Исана биччалеб буго цо млрд гъурущ.

МахIачхъалаялъул 18 школалъул мугIалим ГIумаханова Мадинаца бицана «Миллаталъе»:

— Лъай кьей цебетIезабиялъе гьедигIанасеб гIарац биччай лъикI буго. Амма мугIалимзабазул харжазул буго гьаниб кIудияб гIунгутIи. Гьелъул щайдай бицунареб? Харж цIикIкIун щвезе цо-цо мугIалимзаби кIиго-лъабго батIияб ригьалъ хIалтIизе кколел руго. Рукъ бакIарулей гIаданалъул харжалдаса дагьаб щай анцIго соналъ хIалтIарав мугIалимасул харж букIинеб кколеб?

ТIоцебесеб сентябралда Дагъистаналда рагьана энергетикаялъул колледжги. Гьеб уна Дагъистаналда энергетика цебетIезабиялъе гIуцIараб хасаб программаялде гъорлъе. Исана колледжалде цIализе восана 150 чи. Дагъистаналъул нухмалъулес абуна щуго соналда жаниб гьенив хIадур гьавизе вугин 750 цIикIкIун махщелчи. Жив-живасе рукIинин хIалтIул бакIалги.

Гьеб колледжалда гьединго цIализе руго изну гьечIого яргъид гIуцIаразда гъорлъ рукIаралги. «Энергострой-М» компаниялъулгун Дагъистаналъул хIукуматалъ хасаб къотIи-къай гьабуна ракълилаб комиссиялде гIарзагун рачIарал гьединал гIадамал гьеб фирмаялде хIалтIизе росизе.

Зульфия ХIАЖИЕВА

Уцмиюрталъул школлъималазул улбуз линейка биххизабуна

ТIоцебесеб сентябралъул радал Бабаюрт районалъул Уцмиюрт росдал школалъул цIалдохъабазул эбел-инсуца биххизабуна Лъаялъул къоялда бан гьениб гьабулеб букIараб данделъи.

> **Чанги ккана лъимал кIотарал, ракI багъарарал, лагIдезарурал хIужаби. Чара къосиналъ цо-цо мехалда нижеда ккола магIарулазул лъимал цIалулел рукIиналъ гIаги батилин гьеб школалдехун тIаса-масагояб бербалагьи гьабулеб бугеб районалъул администрациялъилан.**

ЦIалдохъабазда цIалул сон байбихьиги баркун, байрахъал эхеде рорхун лъугIидал, улбул лъугьана ахIи-хIур гьабизе. Дагьалъ хутIана гьез федералияб шагьранух къазе. Хьата-масан тIаде щварал райадминистрациялъул, полициялъул, лъай кьеялъул управлениялъул вакилзабаз гIодориччазаруна гьел.

«Нижер росулъ цIияб школа базе лъугьаралдаса 50 сон унеб буго. Гьоркьисала тIад тIох лъезе хутIараб мехалда, щаялиго чIезе тана хIалтIи. Цинги цо заманалдасан къадалги риххун, чIваднал хутIана гьенир. Ниж гIодориччазаризейищали, вагонал гIадал классал рачIана гьенир лъезе. КъватIисан поездалда рельлъараб букIаниги, школа гIезегIан берцинаб, бацIцIа-бакъадабги буго. Учительзабаз классалги кутакалда лъикI къачIан руго. Абизе ккола, цIалдохъабазул къадаралъул рахъалъ Уцмиюрталъул школа Бабаюрт районалда кIиабилеб бакIалда бугилан (600-700 цIалдохъан). Кьолеб лъайги квешаб гьечIо гьениб. Европаялъул даражаялда чIел босарал спортсменалги рахъана гьенир. Амма лъай кьеялъул министерствоялъул тIалабазда данде кколел киналгIаги шартIал гьечIо школалда. Масала, гьечIо спортзал, кIудияб жанахI. Гьоркьисала гьанир хал гьабулел рукIарал санэпидстанциялъулги сахлъи цIуниялъул министерствоялъулги хIалтIухъабаз лъазабуна бигьаго рак унти ккезе рес бугин гьанир цIалулел лъималазда. Щайгурелъул къадалги, мокърукъ бакIги, гордалнуцIбиги руго пластикалъул гьарурал. ЧIабар буго резинаялъул. БагIарараб мехалда классазда жанир чIун бажарулеб хIал букIунаро. Чанги ккана лъимал кIотарал, ракI багъарарал, лагIдезарурал хIужаби. Чара къосиналъ цо-цо мехалда нижеда ккола магIарулазул лъимал цIалулел рукIиналъ гIаги батилин гьеб школалдехун тIаса-масагояб бербалагьи гьабулеб бугеб районалъул администрациялъилан. Щайгурелъул нижеда мадугьалихъ бугеб Дзержинскалда цIияб школа лъабо моцIода жаниб бан кьедалха. ПалхIасил, гьел гIунгутIаби кьокъаб заманалда жанир лъугIизаричIони, нижеца лъималги риччазе гьечIо школалде, ахиралда бухIизеги буго гьеб!» - ан лъазабуна Уцмиюрталъул школлъималазул улбуз.

Линейкаялда ахIи-хIур бахъинабун хадур гьелгун дандчIварал райадминистрациялъул вакилзабаз рагIи кьуна классазда жанир кондиционерал лъезе. Амма тIасияб соналда гьезда цIияб школа базабизе ракIалда буго улбуздаги.

Закир МУХIАМАДОВ

Инсанасул ихтиярал ва ихтиярал хвезарулел къуватал

Россиялъул цIех-рехалъулаб комитеталъул нухмалъулев Александр Бастрыкин дандчIвана гьал къоязда гIадамазе гIакъуба кьей нахъчIвазе гIуцIараб Европаялъул комитеталдаса къокъаялъул нухмалъулев ЛатIиф ХIусеновгун.

Гьеб дандчIваялда рорхана Северияб Кавказалда низам цIунулел идарабазда ругел гIадамазе гIакъуба кьеялъул хIужаби.

Данделъиялда гIахьаллъана Дагъистаналъул, Чачаназул, Северияб Осетиялъул цIех-рехалъул комитетазул нухмалъулел. Бицен гьабулеб Европаялъул комитеталъул къокъаялда гьорлъ рукIана комитеталъул секретарь Тревор Стивенс, комитеталъул секретариаталъул бутIаялъул нухмалъулев Борис Водз ва гь.ц.

Северияб Кавказалъул республикабазда ругел цIех-рехалъул комитетазул нухмалъулезда Бастрыкиница лъазабуна Кавказалда низам цIунулел идарабазда ругел гIадамазе гIакъуба кьеялъул киналго хIужабазул мухIканго хал гьабеян. Гьединго абуна гьел хIужабазда гьоркьосан бищун вахIшиязул хал гьабизе мобилиял хасал къокъабиги гIуцIизе ругин.

Бастрыкинил рагIабазда рекъон, полициялъулаз жидерго хIалтIи тIаса ккун гьабулеб батани, гьелъул хIакъалъулъ лъазабизе бегьула божилъиялъул телефоналде ахIун яги цIехрехалъул комитеталъул сайталде кагъат хъван.

РакIалде щвезабилин, гьаб соналъул май моцIалда Дагъистаналде щун рукIана гIадамазе гIакъуба кьей нахъчIвазе гIуцIараб Европаялъул комитеталъул вакилзаби. Гьел дандчIвана республикаялъул нухмалъулев МухIамадсалам МухIамадовгун.

МухIамадовас гьеб дандчIваялда абуна республикаялда кIудияб кIвар кьолеб бугин къанун цIунулел идарабазул хIалтIуе: «ТIоцебе хал ккун буго жанисел ишазул министерлъиялъул хIалтIухъабаз къануналда рекъон жидеда тIадкъараб хIалтIи гIадамазе гIакъуба ва хIинкъаби кьечIого гьабулеб бугищали. Европаялъул комитет гьанибе щвеялъул магIна ккола къанун цIунулел идарабазул хIалтIуль гIунгутIаби рукIин», - илан абуна ДРялъул нухмалъулес.

ЛатIиф ХIусеновас Бастрыкингун ва Дагъистаналъул нухмалъулевгун дандчIвараб мехалъ журналистазда цебе мухIкан гьабун бицинчIо полициялъулаз гIадамазе гIакъуба кьеялъул хIужжабазул, амма гьес абуна гьел хIужжаби гIемерлъулел ругин.

Гьединабго пикру загьир гьабун буго инсанасул ихтиярал цIунулеб «Мемориал» гIуцIиялъ Дагъистаналда хурхун исана хIадур гьабураб хасаб доклададлдаги.

Полициялъул хIалтIухъабаз къануналда рекъечIел ишал гьарулел рукIиналъул бицун хъвараб кIудияб бутIа буго «Мемориалалъул» доклададла. Мисалалъе рачун руго Шамил районалда ункъавго полициялъулас 14 сон барав МахIмуд АхIмадов вухи, Хасавюрталъул омоналъ адвокат Сапият МухIамадова юхи, цогидал адвокатал кьаби ва гь.ц.

Гьединго доклададла хъвалеб буго полициялъулаз батIи-батIияв такъсирал гьарун рухун, хIакъир гьарун тIамулел ругин гIайиб гIунтIизабулел гIадамал пуланал такъсирал тIаде росизе. Гьедин гьарурал уголовниял делабазде мугъчIвай гьабулел прокурорал судазда къолел руго. Амма къолел руго гьоркьоб гIемер заман ун хадуб, щайгурелъул батIи-батIиял багьанабиги ратун судалъул хIукму цIа-цIалеб буго.

Полициялъулаз мекъи ккурал ва хIакъир гьарурал гIадамазе рецIалие гьоркьисала Дагъистаналъул бюджеталдаса 183 млн. гъурущ кьуна.

> **ГIакъуба хIехьарал гIадамал полициялъулазухъа рорчIун хадур, гIемерисезе бокьуларо гьелъул хIакъалъулъ рагьун бицине. Гьел кутакалда хIинкъула гIарзаби хъвазе, гьезда ккола жидеца гьеб бицун букIин лъани, полициялъулаз цIидасан кьелин жидее гIакъуба. Гьел гIадамаз бицухъе, полициялъулаз гьезда лъазабулеб рагIула гIакъуба кьунилан кибниги бициналде цебе, хадуб гьелъ жидеего гьабизесеб заралалда тIадги ургъеян.**

Доб «Мемориалалъул» доклададла гIадамал рикъиялъул масъалаги борхана.

Гьениб хъвалеб буго Дагъистаналда гIемерисеб мехалда рикъулел ругин салафитал. Гьедин рикъарал гьел хадурго чIвалелги руго. Амма рикъаразда гьорлъ руго салафитал гурелги.

Официалияб информациялда рекъон, гIадамал рикъулел руго камуфляжалъул кьер бугеб форма ретIараз. «Мемориал» гIуцIиялъ рикIкIунеб буго гIемерисеб мехалда къуваталъул иадарабазул хIалтIухъабаз рикъулел ругин гIадамал. Щайгурелъул хIужжа ккана къуваталъул идарабазул хIалтIухъабаз гIадамал рикъиялъул.

Гьел хIужжаби чIезарун хадур, къуваталъул идарабазул хIалтIухъабазе кинабгIаги тамихIги гьабулеб гьечIо. Гьезул хIалтIуда хадур ралагьизе тарал прокурорал жалго хIинкъулел руго цIехрехал гьаризе. Амма «Мемориалалъ» рикIкIунеб буго Дагъистаналъул хIукуматалъул политикиял ресал гьечIолъи бугин гьелъие гIилла.

«Дагъистаналъул улбул» абураб инсанасул ихтиярал цIунулеб гIуцIиялъул нухмалъулей Светлана ГIисаеваль бицана «Миллаталъе» гIемерисел гIадамал хIинкъулел ругин полициялъулаз жидее гIакъуба кьунилан гIарзаби хъвазе: «Нижер гIуцIи хIалтIизе байбихьаралдаса нахъего байбихьана нижеца гIадамазе гIакъуба кьеялъул хIужжаби тIатинаризе. ГIакъуба хIехьарал гIадамал полициялъулазухъа рорчIун хадур, гIемерисезе бокьуларо гьелъул хIакъалъулъ рагьун бицине.

Гьел кутакалда хIинкъула гIарзаби хъвазе, гьезда ккола жидеца гьеб бицун букIин лъани, полициялъулаз цIидасан кьелин жидее гIакъуба. Гьел гIадамаз бицухъе, полициялъулаз гьезда лъазабулеб рагIула гIакъуба кьунилан кибниги бициналде цебе, хадуб гьелъ жидеего гьабизесеб заралалда тIадги ургъеян.

Мисалалъе, жидеца нуж ракьалдаса тIагIинарилин хIинкъаби кьолел рагIула гьез», - ан бицана ГIисаеваль.

Цодагьаб цебе «Амнистии Интернешнл» абулеб халкъазда гьоркьосеб гIуцIиялъ бахьана инсанасул ихтиярал дунялалда кин цIунулел ругелали лъазабураб доклад.

Гьениб гIемерисеб бакIалда рехсолеб буго Северияб Кавказалда бугел ахIвал-хIал.

Северияб Кавказалъул республикабазда гIемерисеб мехалда инсанасул ихтиярал къанун цIунулез хвезарулел ругилан хъвалеб буго гьениб.

№13 (13) 2 сентябрь 2011 сон

МИЛЛАТ
МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

«Дида дур культура лъала, дуда дир лъалищ?»

«Миллат» газеталъе РАМАЗАН ГІАБДУЛАТІИПОВАС кьураб интервьюялда хурхун цо-цо гIадамал журана гьев какизе, гьездаса батIияб хIал дирги букIинчIо. Дирги батана гьесда тIаса абизе гIемераб. Амма ургъидал ракIалде щвана цогидабги ... «Кто не помнит прошлого, у того нет будущего» — ян гIурусазул абиги бугелъул.

РакIалде щвана Гъизляр ва Первомайск. Лъаларо кигIан битIараб бугебали, доб мехалъ хабар букIана, Рамазан Москваялдасан МухIамадгIалиде кIалъан вугин, гьез цере лъурал киналго шартIаздаги разилъун, тIаде кIанцIарал хехго больницаялдаса къватIире рачеян, гурони штурм гьабизе рес бугин. ХIисаб гьабе нужецаго хадуб щиб ккезе букIарабали. Нахъе риччачIого, нилъерго гьанир гьел руссинаруна Первомайскалде ва ахиралда росу бухIана. Гьелъ божизе бачIуна больницаялде штурм гьабизе букIанин абуралда.

Гьеб рагъулаб операция Первомайскаялда унеб мехалъ Рамазан ахIана Россиялъул телевидениялде «Час пик» программаялде. Гьелъул ведущий вукIана доб мехалъ АНДРЕЙ РАЗБАШ. Гьелъухъ балагьидал тIоцебе бичIчIана дида Рамазанги гьесул ракьцоялги Андрей Разбашие чIаго рукIуналдасан, хун ругони лъикI букIин. КIалдиб полоп бан бичIчIизабулеб букIана гьес кавказиял квешал рукIин ва чIалгIун рукIин.

Рамазаница гьикъулеб букIана:

— Щай дида мун вичIчIулев, дудехунги ва дур халкъалдехунги тушманлъи дир гьечIеб. Амма щай дуда дун вичIчIуларев ва дидехунги дир ракьцояздехунги квешаб бербалагьи дур бугеб?

Абизе жо лъачIого виххарав Разбашие жинцаго жавабги кьолеб букIана Рамазаница:

— Щайгурелъул дида дирго культураги дур культураги лъикI лъала, амма дуда дираб лъалеб гьечIо.

Гьеб щибин абулеб жоян цоцалъ квералги кьабун, велъанхъилаго кIалъазе жувана Разбаш:

— Вы что хотите, чтобы на российском телевидении ведущими программ поставили кавказцев? Этого еще не хватало!

— Не надо их ставить, они уже там, - ян жаваб кьуна Рамазаница.

Нилъее къваригIуна нилъецаго лъелъ килищцин ччучIого, Рамазаница ва цогидаз нилъее алжаналъуб гIадаб гIумру тIамизе шартIал чIезаризе .

Жакъа дида гьикъани, щиб дица вижараб росдае, дир миллаталъе, Дагъистаналъе ва улкаялъе гьабурабин ва Рамазаница щиб гьабурабин, дун нечараб хIалалде ккола.

Газеталъул цIалдолезул рекъонгутIи батила Рамазанида, МухIамадгIалие ва президентасе гьес лъикIаб къимат кьунин абун. Гьезда разиял гьечIез щай жидецаго абулареб ва хъвалареб гьелда тIасан жидерго пикру, лъица гьезие гьеб гьукъун бугеб?

Нилъ ругьунлъун руго рокьула, рокьулароялъухъ балагьун къимат кьезе, рачIа гьабуралъухъ балагьун къимат кьезе.

ЛъикIаб гьабизе, квешаб тезе тавпикъ кьеги нилъее.

ГIумар АсхIабов



Диссидент ва намусалъул асир
(узник совести)

Аби буго, хун цевеса ун гурони, чиясул къимат лъаларилан. Гьеб хIакъикъат диеги якъинлъана тIул бикьарав вацIгIанги рекIее гIагарав дир гьудул, битIахъего ВатIаналъул, Дагъистаналъул рухIалица вухIанин абизе бегьулев гIалимчи – гIарабист ГIорутIаса МухIумаев МухIамадрасулидаса ватIалъун, дунго бестIалав гIадин хутIараб мехалъ. Щиб хIажалъи кканиги, кинаб бигъараб суал роцIцIинабизе къваригIаниги, жиндихъе вортидал кумекалъе вахъине хIадурго ватулев чи вукIана МухIамадрасул. Гьесул гIамал – хасият дида релълъун бихьулаан рии бакьулъ щвараб гьалагаб мугIрул иххалда. Гьелъги батула, хъитIахъан, кIкIалабахъан доба-гьаниб тенколаго унеб иххида гIемерал квекIенал ратулел гIадин, МухIамадрасулилги гIумруялъул къисмат гьелда релълъараб лъугьараб.

МухIамадрасул Дагъистаналда машгьурав чи вукIана, амма киназдаго гуро лъалеб щиб сабаблъун гьев туснахъалде ккаравали, цо-цояз гьесул рахъалъ къучI гьечIел къватIул харбалги рицуна. Гьединлъидал дие бокьун буго дагьалъниги хIакъикъат рагьизе.

Доб советияб заманалдаго Бухараялда машгьураб Духовное медресе "Мир-Араб" (хадуб гьелда цIар «Университет Исламских Наук имени Амира Абдель Кадера» абун лъун букIана) лъугIизабун, МухIамадрасул (гIолохъанав чи) хIалтIулев вукIана Шурагьив Дагъистаналъул динияб идараялъул муфтиясда хадусев чилъун. 1957 абилеб соналъ Москваялда тIобитIараб тIолгодунялалъул гIолилазул фестивалалде рачIунел рукIана киналгоязде гIагарун улкабазул вакилзаби. ГIараб улкабазул гIолилазе тилмачлъи гьабизе хIажат рукIана лъикIго гIараб мацI лъалел гIадамал. Гьеб ишалъе тIаса вищана МухIамадрасулги.

Мадраса лъугIизегIанги Дагъистаналъул рикIкIунел гIалимзабазда цеве цIаларав гьесда гIараб мацI камилго лъалаан.

Амма МухIамадрасул дол согIал коммунистияб низамалъул соназда цIакъ захIматаб ва хIинкъараб ишалъе ургъула. Гьес хIукму гьабула щвараб ресалдаса исламалъе квербакъиялъе пайда босизе. Москваялде сапаралъ инелде цебе гьес хIадур гьабула жаниса гьодораб ансадерил гIанса ва гьелда жаниб лъола жинцаго тIад чIун хъвараб гIарабиязул пачалихъазул бутIрузде гьабураб кIудияб хитIаб. Гьеб хитIабалда бицунеб букIана СССРалда дин гьабизе бугеб ихтияралдаса бусурбаби махIрум гьарун, мажгитал, мадрасаби къан, гьел клубазде сверизарулел ругилан. ГIемерал гIалимзаби цоял чIванин, цогидал Сибиралде туснахъ гьарунин, хIежалде нухги къан, дин – ислам маххул сангразда жанир туснахъ гьабун бугилан. Ахиралда гIарабиязул бутIрузде МухIамадрасулица ахIи балеб букIана дин – ислам хвасар гьабизе СССРалде данде чIараб компания багъаризабеян.

Гьединаб нигатгун Москваялде щварав МухIамадрасулица тIоцебе сапар бухьуна гIарабиязул пачалихъазул посольствабазде, валагьула гIанса кодоб кьезе мустахIикъав гIадав чи. Гьесда лъала ГIиракъалъул посольствоялъул цо хIалтIухъан чанго къоялдасан Багъдадалде воржинехъин вукIин. Самолет боржунеб заманалда аэропорталде щварав МухIамадрасулица гьесухъе гIанса кьола ва гьарула жиндир мурад тIубазабеян.

Гьеле гьеб бакIалдаго МухIамадрасулил нигатги хIорлъула. ГIиракъалдаса гьев хIалтIухъан вукIун вуго КГБялъул жасус. Гьоркьоб къо иналде МухIамадрасул, кверазда маххалги ран, туснахъалъув реххула ва Москваялда гIедегIалихъе судги гьабун 7 сон туснахъ къотIула.

> **!** **Гьеле гьеб бакIалдаго МухIамадрасулил нигатги хIорлъула. ГIиракъалдаса гьев хIалтIухъан вукIун вуго КГБялъул жасус. Гьоркьоб къо иналде МухIамадрасул, кверазда маххалги ран, туснахъалъув реххула ва Москваялда гIедегIалихъе судги гьабун 7 сон туснахъ къотIула.**

Амма гьеб жинцаго гьабураб ишалдаса МухIамадрасул дагьавниги рекIекълъичIо. Туснахъалде ккун вукIинчIевани жинца гьеб бичунги босизе кколаанин, жанив ккеялъ гIемераб жо малъанин абулаан гьес. МухIамадрасул витIула Мордовиялъул бищунго гIасиял лагеразде, политикиял туснахъазда гьоркьове. Гьениб гьесул лъай-хъвай ккола машгьурал хъвадарухъабазулгун, культураялъул, искусствоялъул хIаракатчагIазулгун ва цебетIураб пикруялъул гIадамазулгун, ай улка зулмуялдаса эркен гьабизе бокьулел инсанасул ихтияразул къеркьохъабигун. Рес щола бальго гьезухъе бачIунеб дуньялалъул ва туснахъазда жаниб бижараб литература цIализе. Къокъго абуни, МухIамадрасулица кIудияб дунялалде гIатIидго гордал рагьана. Гьаб макъала хъвалаго, дица масъала лъечIо МухIамадрасулил гIумруялъул гIелмиябгун жамгIияб хIаракатчилъиялъул бицараб очерк хъвазе. Гьеб дихъан бажаризеги букIинчIо, щайгурелъул гьев вукIана гъваридав, диниябги дунявиябги гIелму лъикIго лъалев чи. Дагъистаналъул тарих лъазаби гуреб инсанасул ихтиярал цIуниялъул рахъалъги гьаруна гьес хIалтIаби.

Машгьурав гIалимчи – гIарабист ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадида цадахъ гьес гIуцIана квералъ хъварал тIахьазул хасаб фонд.

Бищунго дун рухIдаллъизавулеб жо букIана МухIамадрасулида Кавказалъул тарих лъалеб букIараб куц. Гьесул бегIераб пагьму – гьунаралъ нахъе тана тарихиял лъугьа-бахъинал ккарал бакIазул мухIканал баянал. Имамзабазул, наибзабазул, хIакъалъулъ биценал, рагъул бахIарзазул анцI- анцI цIарал.

Киналъулго хIакъалъулъ гьес бицунаан шавкъалда, живго гьел лъугьабахъиназда гъорлъ вукIарав гIадин. МухIамадрасул гIахьаллъарал передачаби такрар гьареян гIемерал кагътал рачIунаан радиоялде. Гьаниб дие бокьун буго МухIамадрасулилгун рукIарал дандчIваязда гьес рицарал цо-цо тарихиял лъугьа-бахъинал цIалдолезеги гIахьал гьаризе.

⇨5

№13 (13) 2 сентябрь 2011 сон

АхIулгохIда

Диссидент ва намусалъул асир

Руччабазул бахIарчилъиялъул мисал

Сугъралъа МухIаммадхIажияв имамлъун вищулеб заман

— КIал-мацI бакъван бугин, цо дангъура цIураб лъим кье, дир месед, - илан абула гьелъ ясалда. Лъим босизе гIодое къулараййго, эбелалъ малги бан гIурулъе рехула гьей ва цогидаб лъимергун хадуй жийгоги кIанцIула.

⇨4 Гьел рукIана руччабазул байрам, 8 абилеб марталда цересел къоял. МахIачхъалаялда Капиевасул къотIноб бугеб МухIамадрасулил рокъор, телевизоралъухъги ралагьун хабар – кIалалда рукIана ниж. ЦинтIаго цее ячIана КьилимегIер хъубухъун ботIрода лъурай, цо рихараб кIалъаялъул гIадан. Гьелъ бицунеб бугоан диналъулги басриял гIадатазулги кIичIикьа тархъанлъарай магIарул чIужугIаданалъе щварал ихтияразул, жийго яхараб борхалъиялъул ва цIияй магIарулалъул бугеб къадру – ассалъул. Гьоркьо – гьоркьор калам рекъезабизе цIалулел кочIол мухъалги ругоан. Цебехун гIемер гIиндамес бакъвазабураб гьеб гьодораб рецц-бакъалъ макьу речIчIизабун, дир берал данде рекIун унел рукIана. ЦинтIаго цо синкъулеб гIадаб гьаракь бахъун дун МухIамадрасулихъ валагьана. Гьесул бадиса магIил гарал гирун рачIунел ругоан. Щиб лъугьарабан гьикъидал, гьев цо лахIзаталъ сихI къотIун хутIана, цинги огъохъатица бераздаса магIуги бацIцIунаго, гьес шакърахун абуна:

— Вабабайха, дир вац МухIамад, нилъер некIо рукIарал руччаби, гьезул хIакъалъулъ къотIараб кици – бицен, гьанже гьадаб тайпаялъухъе ккараб гьаб гIумру бихьуларищха, – ян. Цинги, телевизоралъул гIинги кьурун, гьес бицана ракI паналъулеб гIадаб хабар:

— Шамилица АхIулгохI щула гьабулелъул, имамасе кумекалъе гьенибе гочана нижер ГIорутIа росулъа лъебергогIанасеб хъизан. Бицаде нагагьав чи нахъе хутIун ватаниги, гьел тIолалгоязе гIагарлъун шагьидлъана гьенир. Имамас цIакъго къадру-къимат гьабулеб хъизан букIана Тучалай абулей гIаданалъул (гьеб цIар мекъи ккун батизеги рес буго дихъа). ГохIда шагьидлъана гьелъул росги, вацги, гьанжего гьанже михъида хIур чIвалев васги. Гьей хутIана квер ккун цадахъ ячуней ясги, каранда хахулеб цогидаб лъимергун.

ГIортIасан чIалоги лъун Шамилги муридзабиги цояб рахъалде рахунеб мехалъ, имамас гьезде ахIи бала вореги Тучалай гъоркь тогейилан. Амма гIурусал хадур цун рачIуна ва гIурул рагIалде щун щвечIого йикIарай Тучалалда ракIалде ккола жий ургъунго гъоркь танилан. Гьелъ ботIродаса чохтIо бахъула, гIурул хоноги босун гьеб чахтIилъ жемула ва «Ма, ле бахIарзал, гьабги босе!» - янги ахIун гIурул доб рахъалде реххун балагьизабула чохтIо. Тучалалъул гьаракь гIинда чIварал муридзабазул гьабизе кIолеб жоги гьечIого, бадиб магIу кенчIола. Тату хварай Тучалай гIурул рагIалда гIодой кIусула.

— КIал-мацI бакъван бугин, цо дангъура цIураб лъим кье, дир месед, - илан абула гьелъ ясалда.

Лъим босизе гIодое къуларайго, эбелалъ малги бан гIурулъе рехула гьей ва цогидаб лъимергун хадуй жийгоги кIанцIула.

Хадубги бицана МухIамадрасулица:

— Шамилида сверухъ рукIарал ва къадру – асс бугел рагъухъабазул цояв вукIана Сугъралъа Хурш –наиб. Имамасулгун гьесул букIана гIемерал сонازда рагъулъ лъадарараб ва хIалбихьараб гьудуллъи – вацлъи. Амма чаранкьурулъеги кьватIел реххулин абухъего, ккараб жо руччабазул хабар бицунел? – абун.

Гьаб иш ккана 1877 соналъ, къокъаб шаригIаталъул заманалда. Лъалеб букIахъе, тIадеялдаса тIаде цIикIкIунеб букIараб гIурусазул зулмуялда данде гьеб соналъ кьватIибе бахъана Дагъисталъулги Чачаназулги 500-ялде гIагарун росаби. Пачаясул яргъид гIуцIараб аскарги реххун гьеб къеркьей къезабуна ва гIемераб халкъ гъурана, росаби рухIана ва азаазар чи Сибиралде витIана. Гъуниб округалъул Салануб абураб майданалда гъанкъана гьеб къеркьеялъул 13 цевехъан ва гьезда гъорлъ ункъабилев имам Сугъралъа ГIабдурахIмахIажиясул вас МухIамадхIажияв. МагIарулазул рекIелъе хIинкъи бачIинабиялъул мурадалда, зулмуялъ гьеб майданалде къотIун букIана Аллагьасда лъала, гьезде гьоркьобе щайтIан лъугьуна. Хурш-наиб жиндир хъизан-кулпатгун Ведено имамасда аскIоса, жиндирго Сугъралъе гочуна. Гьеб букIана аваразул къеркьеялъул рухI цIалеб заман. Имамасул къуват дагьлъана, гьудулзаби рикь-рикьана, цо тайпа чарлъун нахъе кIанцIун чIана, цогидал хилиплъун гIурусазул рахъалде ана ва хутIарал дагьал чагIигун имам ахирисеб ЩулалъулгохI ГъунимагIарда рещтIана. Гьеб хабар рагIарав наиб-Хурш, ккараб – таралде тIаде ракьги хъван, ахиралде щвезегIан имамасда хьолбохъ чIезе ГъунимагIарде вахуна.

1859 абилеб соналъул 25 абилеб августалда гиназ Барятинскиясул цебесеб къокъа рогьалилъ магIарде тIаде бахуна ва тIадгъуниб росу сверун ккола. Шамилица мажгиталда мажлис ахIула ва гъазаваталъул суал гьоркьоб лъола. Гьенир данделъарал наибзабазул ва муридзабазул пикраби кIийиде рикьула. Цояз бачIинахъего гъазаваталъе гъуждул гурула, цогидаз имамасда гьарула, росдал гIадамазул, хасго руччабазулгун лъималазул рухIалги цIунун гIурусазулгун рекъел гьабеян. Гьениб дагIба – рагIи халат бахъуна. ЦинтIаго мажгиталъул нуцIаги кIал – кIала чIван рагьун, жание ячIуна хварав муридасул чухъа-ярагъ борчарай Хурш – наибасул лъади ХIечурай ва кьварараб гьаркьидалъун абула:

— Рагьдухъе гIурусги щун бугин, нуж щибулел гьанир гъазаваталде рахьичIого гIандалазул росабалъа гIемераб халкъ. ЦинтIаго майдан кверде босулеб гIадаб чIужугIаданалъул гьаракь бахъуна. «Цо дихъ гIенеккизе кIолев чигойищ, байтулман, гьаб сверуда гьечIев!» илан ахIун биччан тана гьелъ.

Гьей йикIана Сугъралъ росулъа Марям абурай мискинчIужу.

— Гьикъе, щиб гьой гIаданалъе къваригIараб? – ян амру гьабуна главнокомандующий Меликовас.

— Кварида ралезда гьоркьор руго дир васги, росги, вацги. ТIокIав чи дир хутIичIо, гьозул цоявниги виччазе бегьуларищ? - ан гьарана гьелъ. Кинавха дуца тIаса вищилеван гьикъана Меликовас.

— Васни индал цойги гьавила, росги чияр чи, тIулил вацасул рухьен кинха тIезабилеб? - ан абун буго Марямица.

МагIарул чIужугIаданалъул гIакъиллъиялъ тамашалъизавурав Меликовас гьезул лъабавго эркен гьавула.

«Аваразул тарихалда руччабаз гьарурал бахIарчиял ва цIар рагIарал ишал дагьал гьечIо. Надиршагьасулгун рагъульги, хадур гIурусалгун рагъда АхIул гохIдаги ва цогидал бакIаздаги гьез гьарурал гьунаразул гIемер бицунел руго. Амма гьаб жакъаги гьезул гIемерисезул цIарал нилъеда лъаларо ва лъаразулги бицунаро», – ян абуна ахиралда МухIамадрасулица шакърахунаго.

МУХIАМАД Идрисов, журналист

МИЛЛАТ
МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

◆ Гъазимухlамад ГЪАЛБАЦIОВ

№13 (13) 2 сентябрь 2011 сон

КОММУНИЗМ

Байбихьи цебесеб номералда

КъатIипа тIаде яхъана. Пятилеткаде аскIоегIан ячIана.

– Горде бахея цо…

– Кинаб горде?

КъатIипаца жиндицаго къатIибе бахъана тIажданиб тIамун букIараб Пятилеткал горде ва тIаса гьебги бахун чохьохъ ялагъун чIана. Гордеги бахун жиндирго чохьохъ ялагъун КъатIипа чIараб мехалда «дой цо медсестрагIаги ячIуней ани», – ян ракIалдеги ккун багIарлъун ана Пятилеткал гIундул. Вакъуни вукIана гьев, больницаялде витIулев чи вугилан, ургьимесалъул хал–шал гьабизе кканиги жоги гьесие радал квен кьун букIинчIо, цурдалъелгIанасеб стаканалда жаниса йогурт чIикIизабун букIана. Гьединлъидал КъатIипада Пятилеткал гордеда гьоркь чехьцин батичIилан абизе бегьула. «Чехьги гьечIо… Цо дицаго гIаги лъимер гьабун букIарабани лъалаанха дида аб… Чи хадуб гьолеб жо гуро… Докторлъиялъул диссертация хъвачIого гIаги тезе буго…» – ян пикру бачIана КъатIипахъе Пятилеткал цIину бихьарабго.

– Дуда цадахъ вачIарав, автоматги кодоб ккурав чиясда цIар щиб?

– Аналгин Мага, – ян абуна Пятилеткаца.

– Мун гьаб бакIалдаса вагьаруге, дун гьабсагIаталда довги валагьун ячIинин, – иланги абун КъатIипа къватIие ана.

Шусонов Пятилеткаги чIобогояб къалиги хутIана каби нетальур. Пикрабалъ вукIана гьев. Гьесда бичIчIулеб букIинчIо щай гьадай гIадан жиндирго чохьохъ ялагъараяли. Кабинеталъув живго хутIараб мехалда нич тIурун араб гIадинги лъугьун, ракI–рекIеда чIун, дир чохьодасан алъие къваригIараб щиб букIарабали лъазе гIадин, борхун ккун гордегун гьев живгоги валагьана чохьохъ. Гьесдаги бихьичIо чIобогояб чохьода лъураб цIину тун батIияб жо.

– ЧIахъаги! – янги абун гьес цIинуялда жаниб килищ къазабуна.

ГьебсагIатго кабинеталъуе кIанцIун ячIана медсестра, КIаланчIад.

– Гьи–гьи–гьи… – янги абун багIарлъун яхъана КIаланчIад.

– Гьи–гьи–гьи… – янги абун дагьалги цIакъ багIарлъун ана Пятилеткал гIундулги.

– КъатIипа Сочовна кие арай? – илан гьикъана КIаланчIадица тIаде берал рорхизеги нечон. Жаний цIурай гургинай яс йикIана КIаланчIад, кIур–кIурараб расалъул.

– КъватIиехун ана… Гьи–гьи–гьи… – ян абуна Пятилеткаца.

– Дунги инищха къватIие? Гьи–гьи–гьи…

– Унге, унге… Дир хирияй хIурулгIин, цIар щиб дуда?

Гьесда жиндагоцин бичIчIичо кин гьеб суал кьезе кIварабали. ХIинкъуцаги, нечоцаги холаго, ккараб–ккун букIайилан гьикъана Пятилеткаца дуда цIар щибилан ва цал ккун чIун вукIана медсестаралъ жиндаго гьурмалъ жо бан бачIинегIан.

– КIаланчIад… Гьи–гьи–гьи… – илан абуна медсестраялъ.

– Дида цIар Пятилетка буго….

– Гьи–гьи–гьи…–ян абуна КIаланчIадица, – Дун жакъа анльго тIубазегIанха хIалтIулей… Гьи–гьи…

Жание ячIана Сочова КъатIипа хаду–хадув Аналгин Магаги гьавун.

– Дица асда кинабго бицана, Шусонов… Асда лъала щиб гьабизе кколебали… – ян абуна КъатIипаца.

– Вилъа… – янги абун Аналгин Мага лъугьана Пятилеткал къали къватIибе босизе кумек гьабизе. Автомат гъажалдасан бачун мугъзаде нахъе ккезабуна Аналгин Магаца.

КIаланчIадидаса берал росизе кIоларого нахъ–нахъ валагьун ана Пятилетка къватIиве. Бокьун букIинчIеб куц!

– Катипа Сочовна… – ян абуна КIаланчIадица жалго хутIараб мехалда, – дида лъана… НигIматулагьилги ГIащахъатунилги кагътал мекъи ккун рукIун руго…

– Кинал кагътал? Дуца бицунеб щиб?

– КIварщул цIурал шушуби рукIинчIищ? НигIматулагьил кIварш тIураб шишида тIад седо букIун буго гъосул чIужуялъул ГIащахъатунил цIар хъвараб тIамач, ГIащахъатунилалда – НигIматулагьил… Мекъи ккунха… Дида гьабулеб дарман лъаларо.

Трактористасул квебацIцI гIадин букIкIун ана КъатIипа Сочовалъул ракI. Аллагьасго тIаде рехараб гIадин бачIун букIана жегиги жинда щивниги квал–квадичIеб тема, унго–унгояб диссертация хъвазе щун букIана рес – гьале ана. Коридоралъусан унаго бахъинабизе букIараб «тIванкъиги», бихьизабизе букIараб гьелчейги ракьулъ букъизе ккана КъатIипаца. Жиндирго талихI къосиялда ракI гурхIун гIодизехъинцин йикIана гьей, хадубги пикру хисана. «ДицагогIаги гьабун букIарабани цо лъимер, тIехьалда хъвараб къагIидаялъ букIунебищалигIаги лъан букIине…– ян добго пикру тIад буссун бачIана КъатIипахъе. Гьелдаса хадуб бачIана дагьабги пашманаб пикру: «Огь, бухIаяб дунял щибдай гьабилеб, щун ругин дидеги къваридал къоял…»

КIаланчIадил рукIана тIубан батIиял пикраби. Гьелъул ракIалъ рагIиларедухъ ахIулеб букIана:

– Вокьулилан шурула,

Щвеларилан хIинкъула, – ян

7

РакIарун рукIана «BORTSUHA M» компаниялъул офисалда. Жиндирго кIудияб столалда нахъа гIодов чIун Свирепый Магаги вукIана гьесда цере, халатаб столалда нахъа гIодор чIун киналниги заместителалги рукIана. КIвар бугеб суалги цебе лъун ахIараб данделъи букIиналъ ганчIил рикIарал жал гIадин рукIана киназулго куцал. Ракъарал чагIазул гьурмазда букIуна гьединаб дангьва.

– БицинчIониги бичIчIулеб батила цебе кинаб суалги лъун нилъ данделъун ругелали. Шусонов Пятилетка вачун вукIана тухтурзабазухъе щив чи вугевали, ракьалда ругел гIадамаздаса батIияв вугевищали лъазе… Живго Пятилетка Шусонов гьабсагIаталда гьадаба нахъа рокъов кваналев вуго… Радалалдаса нахъе квен кьун букIинчIо ургьимес чороклъичIого букIине. Къали нужеда бихьулеб бугоха…

Гьединан байбихьана Свирепый Магаца данделъи. Пятилеткал къалиги хIакъикъаталда кабинеталъуго, букIниб эхетун букIана, тIад тIогьол квацIиги лъун. «Къали нужеда бихьулеб бугоха» – ян Свирепый Магаца абураб мехалда киналго гьелъухъ ралагьана тIоцебе бихьулеб бугеб жоялъухъ гIадин.

– Тохтурзабазухъе Пятилеткаги вачун ун вукIана Аналгин Мага. Дуе рагIи кьолеб буго Аналгин Мага.

Аналгин Мага тIаде вахъана. ГIодов чIун вугев чи тIаде вахъараб мехалда гьев кIиго нухалъ ворхалъула, Аналгин Мага лъабго нухалъ ворхалъана – кIвар бугеб ишги тIубан вачIун вукIунилаъ батила.

– Щвана дун цо цIакъ лъай бугей гIадан йигилан рагIун гIалимчIужуялъухъе КъатIипахъе, чвархъизабун автоматгун. Гьабуна гьелъ хал–шал. Гьале дихъ кагъталги руго КъатIипаца жиндирго квералъ хъварал дица ал нужее цIализехъин гьечIо, дида ракIалде ккола ккараб хIасил бицани гIелилан. ГIемераб хIалтIи гьабуна КъатIипаца. Дунги вукIана кодоб ккун автоматгун. ГIемерав чиги вугоан гьелъухъе хьвадулев, амма дица гьел къватIире гъуна. Автоматги чвархъизабуна тIаде.

ХIасил–калам, КъатIипа Сочовнаялъ абуна, медицинаялъул гIелмуялъги чIезабуна Пятилеткада лъимер ккун бугилан. Гьале гьаб бакIалда хъван буго, гьале… Бе–ре–мен. Дица тIаде автоматги битIизабун цойгиги нухалда гьикъана – тIирун чIана лъимер ккун бугилан.

Гьединги абун Аналгин Мага гIодов чIана. Лъиданиги лъимер ккараб мехалда щибилан абизе кколебали лъаларого киналго руцIцIун чIана, Свирепый Магахъги ралагьун. Гьесдаги лъалеб букIинчIо лъимер ккараб мехалда щибилан абизе кколебали. ГIемераб заман бана цоцахъ ралагьун чIун. Пятилетка кваналев вугеб рокъосанги гьаракь–мохьго букIинчIо.

– Так… – илан абуна Свирепый Магаца ахир–къадги. – Суал жо бугев чи вугевищ?

– Буго дир цо суал… – квасул цIураб квер эхеде борхун бачIана Квадрат Магаца. Къокъав, хьитIи–хьитIун гурони вилъунарев гIажаибго гъуждулъа гIебав чи вукIана гьев гьединлъидал гьесда «квадрат» – илан абулаан. – Дир буго цо суал, бегьилеб батаниха…

– Бегьила.

– Жакъа кьвагьдезе кколелищ нилъ кколарелищ? – илан гьикъана Квадрат Магаца.

– Ккола, ккола… Тренировкаби ралел какал гIанги лъицаниги тIаса росуларо нилъедаса… Амма гьабсагIат гьелъул суал гуро цебе лъун бугеб… – илан абуна Свирепый Магаца. – Цойгиги лъил кинаб пикру бугеб?

Бигьаяб жо букIинчIо Свирепый Магае гьеб кабинеталъуб ругел гIадамазухъа пикру балагьизе, амма гьесда нахъе къазеги ракIалда букIинчIо. Нахъе къазе ракIалда букIинчIо заместителаздаги цо рагIи абиларилан тIирун чIун гьелги.

– Суфий Мага, – ян абуна ахирги Свирепый Магаца, – мунгIаги щай кIалъаларев?

Суфий Мага вукIана заместителазул бищунго лъай цIикIкIаразда гьоркьов рехсолев чи. КIиябго рахъалдасан лъай букIана гьесул; цин гьев цIалун вукIана акушерлъун, хадуб лъугIизабун букIана медресе. БетIерги букIана гьесул кIудияб – гIурччинаб гургинаб тIаргъица тIонац гурони бахчулароан. Кидаго кодоб ккун «Фарз» – илан тIад хъвараб гIурччинаб тIехьги букIунаан.

Свирепый Мага витIарав вукIана – Суфий Магада лъазе кколаан лъимер ккараб мехалда щиб гьабизе кколебали.

Бисмиллаги бахъулаго тIаде вахъун вачIана Суфий Мага.

– АссаламугIалайкум. Дир хириял диналъул вацал, – илан байбихьана гьес, – Аллагьас ракьалда бижулеб цIияб рухI буго гьеб лъимер… Нилъеца гьабизе кколеб щибха? Нилъеца гьадин гьабизе ккола… Нилъеца жакъаго росун нахъе лъун тезе ккола памперсалги, свенекги… ГIамал гьабейилан абун буго Аллагьасги.

Гьединги абун Суфий Мага гIодов чIана. Гьеб чIван–кьотIараб пикруялде тIаде жубазе жо букIинчIо лъилниги. РуцIцIун чIана.

Свирепый Магада бичIчIана жиндирго гIадаб магIнаялъул рахьалъ гъваридаб пикру лъицаниги абулареблъи.

– Так, – илан байбихьана Свирпый Магаца. – Нилъеда кIочон тезе бегьуларо Шусонов Пятилетка батIияб дунялалдаса рештIарав чи вукIин.

– БитIараб бугоха ле, – ян абуна цо заместителас.

– Унха ле, – ян абуна цойгиги заместителас.

– КIочон тезе бахъана гури нилъеда, ле… – ян цоцалъ хъатал кьабана лъабабилев заместителас.

– Гьеб кIочене бегьуларо нилъеда… – ян бицунеб букIана Свирепый Магаца, – гьеб кIочон тани иш лъугIула нилъер. Цойгиги нилъеда кIочон тезе бегьуларо нилъерго тохтурзабиги… Гъурарал, лъукъарал гIадамал гурони сах гьаризе лъаларо эзда. Дагъистаналда батIияб унти букIунареблъидал, тохтурзабазда гIайибги гьечIо… Гьадинаб жоялъул хIисаб гьабе нужеца цо… БатIияб ракьалдаса вачIарав чиясул чорхолъ цойгиги чи вукIунев ватани? Дагьав гьитIинав, чохьонив гьунев чи вукIунев ватани?.. Запасалъе… Нилъер тохтурзабаз хIисаб гьабун батула лъимер ккун бугилан… Нилъер тохтурзабазда лъалареблъидал Пятилетка инопланетянин вукIин… Гьединлъидал бица–бицаралда божизе бегьуларо нилъ…

– Дида лъала гьабизе кколеб жо, – иланги абун Аналгин Мага вачIана кIанцIун тIаде вахъун. – Автоматги чвархъизабун лъазабизе ккола тохтурзабазда кесерово сечение гьабугейилан… Кесерово сечениеги гьабун запасалъе вугев чи къватIиве вахъани щиб ккелебали лъида лъалеб?

Хадусеб букIине буго

МИЛЛАТ
МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

ГIали МухIамадов

Борисица бицунеб берцин бихьичIониги ...

1976 соналъ, Хасавюрт районалъул Андрейаул росда гIагардехун кколеб, гьоркьохъел гIасрабазда Дагъистаналдаги гIумру гьабулел рукIарал Хазаразул тарих лъазабиялъе археологиялъул экспедициялда гъорлъ рукIана ниж. Гьениб нижее гIелмияб нухмалъи гьабулаан гьанже нилъгун гьечIев, мунагьал чураяв, тарихияв гIалимчи, Хунзахъ районалъул БакьагьечIиса Мурад МухIамадовас. Экспедициялда цадахъ гIемерисел магIарулал ккана. Гьединлъидал нижеца нижерго накъитги гIемериселъ магIарул мацIалъ гьабулаан.



Мурадие гьеб къабуллъулеб букIинчIо. БатIияб миллаталъул чIужугIаданалда цадахъ гIумруги гьабулев, гIелму-лъаялде тIаделъун гIурус мацIги лъикI лъалев гьесие гьеб ругьунабги букIана ва батIияб миллаталъул чи аскIов вукIаго магIарул мацIалъул каламги гьес гьабулароан. «Культура гьечIолъи буго гьеб», - илан абулаан абулаан гьес.

Цо нухалда хабар ккана магIарул мацIалъул бечелъиялъул, гьеб цIуниялъул бугеб кIваралъул ва гьанжесеб гIелалда гьеб лъикI лъалеб гьечIолъиялъул. МагIарухъа рачIун гIемераб мех бачIел гIолохъабаз абулаан гьеб кIочене тезе бегьуларила, шагьаралда ругониги нилъеца гьеб бицине кколилан… Шагьаразда ва гIодоблъиялда гIурал, гIурус мацIалде ругьунлъаразда гьез бицунеб жо жанибе унароан ва рахьдал мацI цIуниялъул мурадги гьезда бихьулеб букIинчIо. Нижер нухмалъулев Мурадицаги абулаан магIарулазе гIемераб квалкквал гIурус мацI лъикI лъангутIиялъ гьабулеб бугилан. «МагIарул мацI лъан гIоларо, гьеб гIелмуялъе яги гIумру бичIчIиялъе кумекалъе дагьаб гурони батуларо», — ян абулаан Мурадица. Гьес рехсараб цо мисалги кIочонаро. «Дунялалда магIарулал щалали лъалел бакIал къанагIатал гурони ратуларо, — ян абуна гьес. – Нилъеде данде ккун гIараб мацI ва гIарабал гIемеразда лъала ва гьезул мацI гIелмияб мурадалда – тарихалъеги культураялъеги лъазабизе рекъарабги буго.

Амма гьанже иш гьелдасаги ана. ЦебетIураб культура, гIумру лъай дунял бихьи ва бичIчIи ингилис мацIалда бухьарабги барабги буго. ГьединлъидалИн гIарабаз жидерго ирсилаздаги жидерабго гуреб, ингилис мацI малъулеб бугеб. Нилъецаги лъазабизе ккола гIурусги ингилисги мацI. ГIагараб мацI цIуни абуни щивасул гъираялдаги культураялдаги бараб жо буго, гьеб тIадаблъун гьабизе яги рикIкIине кколеб жо гуро».

Доб букIана жеги магIарухъа гIатIидаб ракьалде гIемерал гIадамалги рахъинчIеб, гIагараб ракьалде рокьиги рекIелъ цIунараб, магIарухъе театрги хьвадулеб, концерталги рачIунеб, зурма-къололги, къали-жергъен кIутIун ахIулеб кочIол магIнаги босулеб заман.

> **!**
> **Шагьаразул ва шагьаразул гурелги школазда рахьдал мацIал малъиялъул хIалтIиги халатаб заманалъ букIунеб жо гуро, жакъаги гьеб гIемерисез гьоболасул хIама хIорихъе бачунеб гIадин гьабулеб буго.**
> **Анкьида жанир кIиго нухалда дарсил заманалда хIалтIизабун рахьдал мацI цIалдохъабазда лъазабизе бажарулеб жо букIунеб гьечIеблъи бичIчIулеб заманги щвезе буго.**

Доб заманалда жеги рахьдал мацI цIунизе ккезе букIиналда хурхараб хабарги рагIулароан. Дакуца ахIулел МахIмудилги ЧIанкIалги жугьаби тун, эстрадалда далалай ахIулеб заман бачIинин лъеберго соналдасайиланги щивгIаги ургъулев вукIун ватиларо.

Амма гьеб заман бачIана, къокъидго хисана гIумруги гIадамалги. Жакъа бегIерго цебе лъолеб буго миллатазул мацIал цIуниялъул суал. Бугищха гьелъул мудад?

Араб соналъул 22 октябралъ «ХIакъикъат» газеталда бахъун букIараб, филологиял гIелмабазул доктор Борис Атаевасулгун гьабураб гара-чIвариялъ цебе чIезабула нилъер заманалда Дагъистаналъул миллатаз рахьдал мацIал цIуниялъе гьабулеб хIалтIи гIурусазул абиялда рекъон гьитIинаб маймалакалъул хIаракаталда (пайда гьечIеб захIматалда) релълъунеблъи. Гьелъие нугIлъи гьабула Барисица рехсолеб цохIо мисалалъги. «РакIалда буго «МацIазул хIакъалъулъ законалда» тIад хIалтIарал сонал, – илан абулеб буго гьес. – Гьабуна кIудияб хIалтIи. Щибха ккараб? Гьале гьелдаса нахъе 17 сон ана, закон жеги къабул гьабун гьечIо. Гьеб тIаде кколел хIакимзабазе гьеб къваригIун гьечIеб мехалъ, щиб гьабизе кколеб?»

Жакъа къоялъ авар мацI ва дагъистаналъул цогидал миллатазулалги цIунизе къваригIарал гIадамал руго школалда гьеб малъулел мугIалимзабиги, газетал-журналазда, гIелмиял цIех-рехазул институтазда, театралда ва радио-телевидениялда хIалтIулелги. Гьел киналго рукIуна ва рикIкIуна мацIал цIуниялъе кумекалъе ратулел ва ратизе кколел чагIи. Гьезухъаги гьеб цIунун бажаруларо. Борисица абулеб бугеб мацI цIуни хIакимзабазда (ва гьеб мацI жидер ишалъе чара гьечIеблъун кколезда) бараб жо гурин гьеб халкъалъ тIубалеб иш бугилан. Гьес абухъе, щивасда, рахьдал мацI цIуни жинда тIадаб борчIлъунги бихьуларо. Борисица абухъе, закон бахъун мацI цIунизе лъугьине бегьуларин абураб пикруялдаги тIад рекъола.

Шагьаразда рахьдал мацI лъугIизе бугин абураб пикруги битIараб буго ва гьелде тIадеги жубазе бегьула гьеб лъугIиялъе хутIараб жоги гьечIин. Шагьаразда гуребги росабалъги гIицIго харабазулаблъун лъугьунеб буго рахьдал мацI. Гьайгьай, Борисица абухъе жакъа магIарул росулъ гIурав ва гьеб мацI лъаларев чи ватизе захIмалъила. ЦохIо къоялда жаниб мискинлъулеб мацIги, лъугIулел миллаталги рукIунаро.

Дагъистаналдаги жеги мацIалги миллаталги лъугIун гьечIониги, гьелде рачунеб нух гIатIилъулеб, гьеб цIунулеб къварилъулеб букIин нилъеда бихьулареб жо гуро.

БакI ккведал, дир пикру ритIухъ гьабулеб мисаллъун рехсезе бегьила шагьаразда гIумру гьабун ругел гIемерал жал рагIарал, машгьурал ва хIурматиял магIарулазул лъималазда ва гьезулги лъималазда нилъер рахьдалаб мацI лъалеб гьечIолъи ва гьеб лъазабиялъул мурадги бихьулеб гьечIолъи. ГIелму-лъай щварал дунял бихьунги рагIунги лъарал магIарулаз рес батулеб буго Европа - Азиялде ритIун лъималазда батIиял мацIал лъазаризе. Щайгурелъул гьелъул хIажалъи жакъасеб гIумруялъе цIикIкIун буго

Борисица гIадамазда МахIмудги, Инхоса ГIалихIажиявги, халкъиял кучIдулги лъангутIи рахьдал мацI лъангутIилъун бихьулеб гьечIолъиги къабуллъуларо. Щайгурелъул, нилъерго классикалги, халкъиял асаралги лъангутIи ккола мацI лъаялъулъ цIакъго загIиплъи букIин, гьелъул мискинлъи.

Авар мацIалда кIалъалел гIадамал жакъа 14 районалда ратании, метер гьезул анцIго, хадуб щуго район (яги гьединго росаби) хутIизе бегьула. Кин, мисалалъе, авар мацIалъул гIорхъаби цIунулел ЦIунтIаги, ЦIумадаги, ГIахьвахъги

Болъихъги… жидее гIагараб мацIги авараб кколарин, школалдаги къватIибги малъулебги лъазабулебги гьеб жидерабго букIине кколилан абулеб бугони.

Бегьилаан магIарулазда гьоркьоре кколел мацI батIиял къавмазе щколазда кIиябго мацI лъазабиялъул суал борхизе, гьедин лъазабулеб магIарул мацIалдаса гьез пайда босулеб хIалниги букIарабани. РухIияб бечелъилъун яги хIалтIизарулеллъун лъиеха гьел мацIал лъугьунел ругел, гьеб мацIалда ургъулелги кIалъалелги гьечIони?

Борисица абулеб буго лъай гьечIеб халкъ ярагъ гьечIеб боялда релълъунилан ва гьеб битIарабги буго. Амма хIалтIизабулареб, гIумруялъе хIажатго гьечIеб мацI лъазаби, лъай тIалаб гьабиялъул ялъуни лъай-гIакълуялъул борхалъилъун бихьизе бегьуларилан ккола. Гьанив дун мекъи ватизеги рес буго.

Шагьаразул ва шагьаразул гурелги школазда рахьдал мацIал малъиялъул хIалтIиги халатаб заманалъ букIунеб жо гуро, жакъаги гьеб гIемерисез гьоболасул хIама хIорихъе бачунеб гIадин гьабулеб буго.

Рахьдал мацIалда шагьаралъул школазда тIоритIулел тадбиразда чанцIулго гIахьаллъарав чиясда бихьичIого хутIуларо, жинда тIад гьарулел харжалги бихьулеб захIматги ритIухъ гьаруларeб ишлъун гьеб лъугьунеб букIин. Анкьида жанир кIиго нухалда дарсил заманалда хIалтIизабун рахьдал мацI цIалдохъабазда лъазабизе бажарулеб жо букIунеб гьечIеблъи бичIчIулеб заманги щвезе буго. Гьанже гьеб рахьдалаблъун бугиланги кин абилеб, радио-телевидениялда кIалъазавизе мадаралдагIаги магIарул мацI бицун бажарулел ратулел гьечIеб мехалда?

ТIадехун бицанщиналъул хIисаб гьабуни, хIакъикъат буго нилъ киназдаго бичIчIулебги бихьулебги. ГIемерал мацIал жураб Дагъистаналда миллатазул мацIал цIуниялъул иш захIмалъула кIиго гIиллаялда бан. Цояб гьеб ккола, улкаялъул гIемерал миллиял республикабазе гIахьалаб, рахьдал мацI пачалихъалъулаблъун гьечIолъи.

КIиабилебги, нилъерго киназего гIаммаб (республикаялъего) цо мацI гьечIолъи. Гьебниги бугебани рокъобги къватIибги, мадугьалихъги хIалтIуда ва цIалулеб бакIалдаги миллаталъул мацIалда гара-чIвариялги, рукIинаан цIализе, хъвазеги бегьилаан, мисалалъе, Советияб заманалда Грузия, Армения, Азербайджаналда букIараб хIалалда. Гьениб кIиабилеб «пачалихъалъулаблъун» рикIкIунаан жидерго мацI ва гьеб цIунизе ресги кколаан.

Дагьал гуро ратулел рахьдал мацI малъулел мугIалимзабиги, гьебго мацIалда рахъулел басмабазул хIалтIухъабиги, миллатазул театралъул артисталги, телевидениялда ва радиоялда гьел мацIазда передачаби гIуцIулел ва гьарулел гIадамалгицин гIурус мацIалъ ялъуни жубазабун кIалъалел.

Гьединаб хIакъикъаталъ нугIлъи гьабула Дагъистаналда рахьдал мацIал цIунизе гIемераб заманалъ (гIасрабаз) кIвезе гьечIеблъи. КIвараб хIаракат бахъулел рукIине ккела, гьелъул хIажалъи жидее бугеца цо-цо ахIиги бахъинабизе бегьила.

Амма Борис Атаевас бицен гьабураб законалъулгIанасеб гурони хIасил гьелъул букIинаро.

хитIаб

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакцияль хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нильер «СанагIат гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гара-чIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца санагIат гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул санагIат гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политиказухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электрониябкъагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакцияль районазде ун халкьгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихьги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нильеда кIвани ахир лъола ришватзеги, коррупцияльеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъияльеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго граждани-яб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
3-й этаж
редакция
газеты «Миллат»,
яльуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.

бокьани божа, бокьичIони божуге

Футболалъул болелщиказ Оле-Оле-Олеййлан ахIи Испаниялдасан бачIараб буго. Гьениб «Олейилан» ахIдолаан фламенко кьурдулеб мехалда ва корридаялъухъ балагьун ругеб мехалда. 8 гIасруялда Гарабазул кверщаликь Испания бугеб мехалда как балелъул АЛЛАГЬилан ахIдолел рукIун руго гьел. Гьедин АЛЛАГЬИЛАН абураб рагIудасан лъугьун буго Олеги.

Австриялдаса Адам Райнер вуго тарихалда цого цо кьокъавлъунги халатавлъунги вукIарав чи. 21 сон бараб мехалда гьесул логол борхалъи букIана 118 см., гьелдаса хадуб кин лъугьарабали лъаларого гьев кIудияв гIезе лъугьана. Гьедин 32 сон бараб мехалда гьесул халалъи букIана 2l8 см. Гьединал чорхоль лъугьунел батIи-батIиял хиса басияз гьесда бусадаса вахъине кIолароан. Гьев 51 сонги бан хвана 1950 соналда. Холеб мехалда гьесул халалъи бахун букIана 234 сантиметралде.



Сахара абулеб бакI салул авлахъалде сверана 2700 соналъ цебе. 6000 соналъ цебе гьенир рукIана ахал ва гIемерал хIорал. Гагашагарго гьеб заманалъ гIуцIизе байбихьана Египеталда пачалихьги.

МагIарулай. 1883 сон. Фотограф - Никитин



ТIоцере Олимпиялъул хIаял тIоритIулеб мехалда гьанжесел гIадамаз гIажаибльи гьабизе бегьулел батIи-батIиял спорталъул тайпаял рукIана гьенир. Масала, кIиябго кверальги ккун хеч реххи яги гьецIо реххи. 1900 соналъ Парижалда тIоритIулел хIаязда 200 метралъ лъедезе кколаан спортсменал, лъедолелъул гьезда цере батIи-батIиял сангаралги рукIунаан. Спортсменал лъедезе кколаан цIулал русбузда гьоркьан ва лъелъ ругел чIулбузда гьоркьосан лъедезе кколаан гьел.



ЦIар рагIараб Франциялъул Бастилия абураб туснахъалда гIадамал гуронигиТIамун рукIунаан. Цо нухалда гьениб туснахъ гьабун букIана Дидро Д, Аламберица гIуцIараб энциклопедия. Гьелда гIайиб гIунтIизабулеб букIана энциклопедиялъ диналъе ва гIадамазул нафсалъе зарал гьабулеб бугилан.

Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МахIмудовалъ.

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

Унсоколо Райпо ирсалъе наслабахъе кьолеб буго, 14 росдал пайщикалги гуккун. Нижер ХъахIабросулъ букIараб буголъиги хъамал гьабуна, цоги росабалъ букIаралъулги гьедин ккана. ФСБ, прокуратура, МВД кьижун руго. Гьел рорчIизаре нужеца кIолеб батани.

8988 … ..98

Чан институт нужеца лъугIун батаниги, Лологъонилъа пер бичулей ХIаписатил макъалаялъул багьаяб жо нужер «Миллаталъул» гьурмада паркъичIо.

8928 … ..10

Нуж, мухбирзаби, кире ралагьун рукIарал генерал Ченчикица гендерил хурмаги, ахбазанги, микьирги талавур гьабулеб мехалъ, нижер рахъ кколев чиго ватичIогури нужер, «Миллаталъул» церехъаби.

8988 … .. 98

ТIанусире - газил рогIрал, Балахьунире - гумпараби. Рохьов щуго вагьабияв вугин, белехь газалдаса махIрум гьаризе бегьилищ?

8938 … .. 49

Дуда хадур гIадамал релъи лъикI, дуда хадур гIодиялдаса.

ЦIалдолев

Къварилъи ккарабго лъалила гьудулзаби, амма ратизе захIмалъулила…

8928 … ..17

Дуца анкьцIул борцинегIан, цогидаз къотIун босун уна.

(гIакъилаб гуреб кици)

Дицаго машина бачине байбихьидал лъана, къватI цIодорго бахине кколеблъи.

Хьиндалав.

Майсаратилгун хундерил дагIба цIаларабго гIурусазул аби ракIалде щвана:

«Мун гIабдалгун къацандулев ватани, дандияс гьабулеб жоги гьебго буго…»

8928 … .. 17

БисавгIалиевасул «Праймериз» абураб макъала цIалидал, дида гьелъул хIасилал ритIун гьаруралльун рихьана. Гьездасаги инжит гьаризе рекъарал руго жакъасел аваразул церехъаби.

8988 … .. 25

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, МахIачхъалаялда «Октябрь» кинотеатралда цебе бугеб киоскалда, Буйнаксияcул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Яльуни ахIе тел.:

8-905-476-56-65, 8-988-261-85-25.

ГIагараб заманалда тIибитIизабизе буго почтаялдаса ва Росспечаталъул киосказдаса.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби



НекIсияб КъахIиб росу

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: ул. Шоссе аэропорта (Каммаева) 19а. тел: 69-60-03
E-mail: millat@gmail.com

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.

Заказ № _______ Тираж 3000 экз.